

Nimewo 102

## D E K R È E G Z E K I T I F

### **KONTINYASYON SISPANSYON OSWA MODIFIKASYON SÈTEN DISPOZISYON LWA AK RÈGLEMAN**

**ALÒSKE**, nan dat 26 oktòb 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47 pou deklare yon ijans akòz katastwòf nan tout 62 konte Eta New York; epi

**ALÒSKE**, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la otorize sispansyon, chanjman oswa modifikasyon lwa jeneral yo, lwa lokal yo, òdonans yo, lòd yo, règ yo, oswa règleman yo, oswa kèk pati ladan yo, si konfòmite avèk dispozisyon sa yo ta anpeche, jennen oswa retade aksyon ki nesesè pou siviv avèk yon ijans akòz katastwòf; epi

**ALÒSKE**, nan dat 31 oktob 2012, mwen te pibliye yon Dekrè Egzekitif Nimewo 50 pou sispann dispozisyon legal ak reglemantè pou fasilité rekonstriktyon enfrastrikti transpò; epi

**ALÒSKE**, nan dat 20 novanm 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 79 pou sispann dispozisyon legal ak reglemantè konsènan kontra eta a ak reparasyon enfrastrikti eta a; epi

**ALÒSKE**, nan dat 24 avril 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 98 pou kenbe deklarasyon sitiyasyon ijans ki te deklare nan Dekrè Egzekitif Nimewo 47 nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou;

**ALÒSKE**, nan dat 24 Me 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 100 pou kontinye sispansyon ak modifikasyon sèten dispozisyon legal ak reglemantè ki òdone nan Dekrè Egzekitif Nimewo 50 ak 79 jan li kontinye pa Dekrè Egzekitif Nimewo 98, 97, 94, 91, 87 and 81; epi

**ALÒSKE**, Seksyon 29-a Lwa Egzekitif la prevwa pa dwe gen sispansyon ki fèt nan lwa yo pou yon peryòd tan ki depase trant jou, men depi sispansyon an ka pwolonje pou yon lòt peryòd trant jou sou konsiderasyon tout enfòmasyon ak sikontans enpòtan yo;

**KOUNYE A, TOUTFWA, MWEN, ANDREW M. CUOMO** Gouvènè Eta New York, akòz otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, epi apre mwen te konsidere tout enfòmasyon ak sikontans enpòtan yo, mwen mande pou pwolonje sispansyon

ak modifikasyon dispozisyon obligatwa ak kontwòl ki òdone nan Dekrè Egzekitif Nimewo 50 ak 79, jan li kontinye pa Dekrè Egzekitif Nimewo 100, ap kontinye jiska dat 23 Jiyè 2013. Kontinyasyon Dekrè Egzekitif Nimewo 50 lan ap efektif apati dat 23 Jen 2013.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil  
Albany, ven-wityèm jou mwa Jen nan  
ane de mil trèz.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a